
DREAMS
WORKING TOGETHER FOR AN AIDS-FREE FUTURE FOR GIRLS & WOMEN

Episode 4



Girls Can Know Decode and Act

# BOMISO

Determined | Resilient | Empowered | AIDS-Free | Mentored | Safe

PEPFAR

JSI
JSI Research & Training Institute, Inc.

Primary Health Care – A Healthy Nation – Ministry of Health & Child Welfare – Zimbabwe

CULTURE FUND
Changing The Lives of Ordinary Zimbabweans Since 2007

Bomiso is a beautiful adolescent girl; intelligent and sassy.
A shining light among her friends and peers who live together in a fast-paced high-density suburb of a town in her native country, Zimbabwe. Bomiso episodes will account the lives of Bomiso, her adolescent big-brother brother, Munzwa, and their father's sister, Tete Pai; clear-minded and equally sassy woman in her mid-thirties. Tete Pai has her eye on the patriarchal world they all live in. She sees through its underlying values and knows that some of them affect how adolescent girls and young women, like Bomiso, relate to HIV/Aids issues.

Copyright: Culture Fund of Zimbabwe Trust | 2018


This material, published as part of Culture Fund of Zimbabwe Trust's research work on assessing knowledge, values and attitudes on Culture, women's bodily integrity, and the reproductive health and rights of adolescent girls and young women. It received support from United States President's Emergency Plan on AIDS Relief (PEPFAR) through John Snow Inc. (JSI); under the broader programme, DREAMS Innovation Challenge and Culture Fund's GIRLS CAN KNOW DECODE AND ACT.

Bomiso is inspired by Culture Fund of Zimbabwe Trust's ground breaking research on Gender, Culture and Development carried out by Ubuntu Way/ Nzira Yehunhu Trust. The content of the comic book episodes is drawn from this work and the responsibility of Ubuntu Way/ Nzira Yehunhu Trust. They do not necessarily reflect the views of Culture Fund and PEPFAR.




Tete Paida vakagara mumba na BOMISO na Munzwa vachiona TV. Panobuda nhau sezvinotevera:


Munhau dzanhasi, Hasha Kusanyara we mudunhu rekwa Tirivanhu asungwa nemhosva yekurova mudzimai wake zvakaipisisa nekumukuvadza, achizopedzisira nekumubhinya. Iye ari kuti izvi akazviita nekuti akanga ave nehasha dzekunyimwa bonde kwemwedzi mitanhatu.





Asi hazvisi feya izvi! Munhu kusungirwa bonde here varume! Handiti mukadzi wake waakaroora? Waakabvisira dzinotsika dzichiti mhuuu!
Nyangwe neni ndinofunga kuti mukadzi anga asingafanirwe kuramba bonde, handiti nhai tete? Asiwo zvekuzorova munhu kudaro hazvizonzwisisika.


Nyaya yakadai ine maonero akawanda. Kuroora munhu hakusi kutenga mutumbi sechidhori. Kuti mudzimai wangu kureva kuti 'uyu ndiye mukadzi wandakada ndikasarudza kuti azove ndiye mai vevana vandichabereka', kwete kuti 'uyu ndiye munhu wandakatenga kuita zvandinoda naye'.
Saka kureva here kuti mukadzi wemumba anogona kuramba bonde nhai tete?


Chose muzukuru.
Zvikonzero zvinogona kuitisa kuti munhu arambe bonde zvakawanda. Mukadzi anogona kunge achirwara, kana kuneta chaiko kuburikidza nemabasa akawandisa asina anomubatsira. Dzimwe nguva murume anenge achimunyomba zvinomugumbura, oshaya shungu yebonde. Pamwe murume wacho aiva nechirwere chesikarudzi achiramba kunorapiswa. Anogona kunge anga aine HIV achiramba kushandisa condom.
Iiiii, tete, inga zvakatokora muto kana zvakadaro!


Patsika dzedu, tinokurudzira kuremekedzana pakati pevaviri. Kodzero yemurume kuramba bonde kana asiri kuda irikowo kumudzimai wake. Kureva kuti kana murume ari kuda bonde anotofanirwa kubvira kure, nekurezva, kunyangwe ari mudzimai wake. Kana paine zviri kunetsa, vanofanirwa kutaurirana, zvogadziriswa.
Saka vanhu vakaroorana vanogona kusatoda bonde vese?! Panenge pachiine wanano here kana zvadaro?
Wanano haisi bonde chete. Kana moto wadzima mumba, munotoshanda mese kuti ubake zvakare. Kuziva kurezva mumwe wako kunodiwa kuvanhurume nevanhukadzi vese.


Zvino ukadaro uchavatenderedza vasikana vese, nekuti kana iwe usingade kushandura mabatiro ako, vese vanenge vachingokuramba! Hauzive here kuti bonde rekumanikidza rine njodzi yakawedzerwa yekutapurira hutachiwana?
Kana ndiri ini ndingatosva ndamusiya mukadzi wacho kana achiramba bonde. Handingambotambisirwa nguva nemunhu wandakaroora.


Uyezve mukutenderera imomo unenge uchinhonga zvirwere zvakasiyana siyana, nekuti hauzoziva zvine mumwe nemumwe.


Handizvo zvandiri kureva iwe Munzwa! Watanga. Ndiri kuti zvekutenderera mumadzimai zvinowedzera mikana yekusangana nezvirwere zvakasiyana kubva muvanhu vakasiyana. Zvirwere izvozvo unozozvidzosa kumudzimai wako wemumba. Kunyangwe warapwa, ukadzokera kune vamwe vaya vaya, wanhongana nazvo zvakare! Zvimwe zvirwere hazvioneke nekutarisa nemaziso.
Saka muri kuti vakadzi vese vane zvirwere ka nhai tete? . Saka haihwinike nyaya iyi!
Bomiso Achiseka zvakanyanya...
Iwe, Munzwa, rega kuda kuomesa nyaya pasina. Tete vari kuti ziva kuti mukadzi anoremekedzwa, uye kuti wotombogara pasi naSekuru Mwero udzidze masikiri ekufadza madzimai, nekuti paucharoora tichazokunzwa panhau wave kurova mukadzi nekuti aramba bonde! Heede! Ndingaite kuumburuka! Kuti pasi dhii nekuseka!


Ndinotenda Bomiso kana wazvinzwisisa. Kana iye Munzwa azvinzwa. Kungoda zvake kuomesa musoro.
Mese zivai kuti munotarisirwa kuvhurika pfungwa panyaya dzebonde kana muchinge mave mazera ekupinda muwanano. Mukadzi nemurume vese vanofanirwa kuzivakurezvana. Kana mhukadzikazonhuwidzana wani! Kumanikidza bonde kureva kuti wakundikana pane zvinotarisirwa.
Zvamataura ichokwadi tete kuti zvimwe zvirwere hazvioneke nemaziso. Ukatonzwa nyama dzave kungoita zvisiri izvo zvinotoda kubva wamhanya kukiriniki.
Ini musambondityira tete. Ndanyatsonzwisisa kuti kuroorwa haisi mhosva yekunzi ndinofanirwa kumanikidzwa bonde kunyangwe ndisingade.
Zvandivhundutsa kuti ndinogona kubata zvirwere kunyangwe kubva kumurume wemumba. Saka kana mukomana asingakuremekedze, kureva kuti nyangwe azokuroora, ndiye anozokubhinya pabonde.


Rega kuzvirera kuti uzove kudya kweshumba. Zvinorwadza sei kuzvichengetedza wozowanira HIV muwanano. Maziso ngaarambe akavhurwa kunyangwe waroorwa. Hutano hwakakosha kunyangwe wawanikwa, nekuti uchada kuzobereka vana vanenge vasina hutachiwana.

# BOMISO

## Episode 4

# intimate Partner violence married people

Character Development; Original Cover Illustration; Comic Strip Illustrations by Eugene Mapondera | Story and Dialogue development by Culture Fund, Ubuntu Way | Cover Design, Comic Strip Edit and Layout by Kuda Makurumure

Fourth Edition Print March 2018

CULTURE FUND
Changing The Lives of Ordinary Zimbabweans Since 2007

51 Harvey Brown Road, Milton, Harare, Zimbabwe; PO Box A762, Avondale, Harare, Zimbabwe, tel.: ++263 4 794211 / 794530 / 794617

DREAMS

WORKING TOGETHER FOR
AN AIDS-FREE FUTURE
FOR GIRLS & WOMEN

Determined Resilient Empowered AIDS-Free Mentored Safe

PEPFAR

JSI Research & Training Institute, Inc.

Primary Health Care - A Healthy Nation - Ministry of Health & Child Welfare - Zimbabwe

CULTURE FUND

Changing The Lives of
Ordinary Zimbabweans
Since 2007